

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjiandjoer. Bestuur Pasoendan Tjiandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA. Redakteur di Batawi SOERADJADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 25 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih. f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE: 1/30 katja f 2,50 1/30 " f 1,50 Sakali moeat Langganan langkoeng misah.

Di H. I. S. "Pasoendan" Tasikmalaja.

Aja lowongan goeroe kaloearan ti H. K. S. Atoeran pindah, pereskot sapertos di Goepernemen. Gadjih sami sareng di Goepernemen diwoewoeh koe toelage f 25.— sasasih. Serat-serat adresna ka Bestuur Pasoendan Tasikmalaja diantos doegi ka ping 1 Agustus 1927.

Sangkan somah pertjaja ka Pamarentah.

Kleine potjes hebben ook ooren. Nadjan baroedak leutik baroga tjeuli (dedeangan). Nadjan somah, tjtjah koeritjaken, oerang lembor singkoer manjang moenjoeng oge pada baroga paugdengo djeung pangdeuleu. Malah djaman kiwari mah, djaman geus bareuna, oerang lembor teh geus rea anoe baroga pamilih, geus bisa ngabedakenn salah djeung bener, hade djeung goreng, lempeng djing bengkok. Oerang padesan mah arang langka anoe geus ngarti kana politik nagara anoe djerodjero; ngartina njahona teh ngan oekoer kana atoran bag-tagan kanagaraan anoe koreh koreh tjok, anoe ninding kadeuleu, kadenge sapopo di desana.

Nja kitoe deui njahona ka pamarentah teh ngan oekoer ka sakoer anoe sok mindeug datang paparentah ka desa-desana tea bae. Da ari ka Kangdjeng - Kangdjeng Pamarentah anoe laloehoer mah, ngan oekoer tje-nah.

Koe sabab kitoe bibitna kapertjajaan at. ka teu pertjajaan somahan ka Pamarentah teh henteu (lain) koe lantaran politik anoe laloehoer at. djarero, tapi tergantoeng kana petana at. lakoe lampalna (optreden) pada-mel Pamarentah, anoe sok mindeng daratang ka desa-desa tea bae. Sabab ngan eta woedjoedua noe mindeng kadeuleu kadenge koe oerang padesan.

Loeang leombrahna alut tabet bangsa oerang teh sok kumba, tara wani njarita dihareupeu anoe katimbang koe maranehanana saloehoereun, soemawonna di pajoneun meunak anoe pikasineun mah. Tapi suadjan poeloh-poeloh kema isin oge, ari tjeulina, panorua teroes kana pikirna mah njaksan, ngabandoengan kana saoe tjap saparipolah meunak teh. Malah ari ka pada sasamana mah, sapada barita keneh oge geus wani nembongkeun at. njaritakeun timbanganana, sakoer anoe kadeuleu kadenge koe manehus teh, boh salah, boh bener, hade at. goreng, lempeng at. bengkok.

Sanadjan somah holongkotan, tjtjah roetjeh koeritjaken atah warah, oerang lembor singkoer bane lisoeng oge, boga rasa ugeunah djeung teu ngeunah. Ngan boedua djeung akulua anoe masih pondok heurout, nja eta hampeureun, benerkeun anoe paluter noe laloehoeng, babakoena benerkeun kapala-kapalana tea. Bobot pangajon, timbang taradje teh dina lebah dinja kapakena, koedoe dipetakeunana. Tapi lamoen rea peta noe djadi meunak salah, kawoewoeh ana sasaoeran paparentah saketjap kadoca peredom mah, temahna di noe djadi somahan teh matak ati moengkir

beungeut njanghareup, matak koerang pertjaja.

Geuning saer sepoeh: saer koedoe dioekoer oekoer, sabda kedah dioe-ungang-oengang. Tjohaga hade koe omong, goreng koe omong. Da ari noe leutik mah koe ditarik ditakon saotak-saeutik dimana pangghig oge, geus asa rraosa, asa diake. Lamoen ugeunah teudjona, ngeunah dengena, rangtoe djelema-djelema teh ngeunah pikirna. Moestail rek euweuh kaper-tjajaan.

Tjindekna meunak djeung somahan teh koedoe sili eladan, sangkan bisa raket djadi hidji, somahan gede deui kaperajaan ka noe djadi meunak. Meunak koedoe boga rasa pangbisana djadi meunak koe somahan, meunak teh keur kasalametan somah. Atoeh somahan koedoe toga rasa pangbisana beres roes, rahardja moerah saudang, moerah pangan, sepi paling, tiis tjeuli, herang panon teh, koe lantaran aja meunak, anoe tjepet bener. Meunak oelah boga rasa: nagara aing, somahan aing, segala-gala keur aing. Nja kitoe deui somahan oelah boga rasa jen meunak teh djadina koe somahan, digadjihna koe somah, ngoengna koe somah. Tapi doeanana koedoe boga rasa: ti djaman baheula toeg ka kiwari oge, pangbisana ngadeg karadjaan-karadjaan djeung sabawahanaana teh, nja eta koe ajana at. koe ngadegna Parentah djeung noe diparentah at. somahan. Eta noe doe roepa teu bisa preakah, koedoe ngantet djadi hidji. Saeupaja karadjaan teu salamet pandjang-poendjoeng, rahardja wibawa saratna Pamarentah djeung somahan koedoe sili asih sili pertjaja. Beunang oge diabarateun kana: positif electriciteit djeung negatif electriciteit, koe lantaran eta dua roepa electriciteit patepoeng djadi hidji, apan goenana teh dina djaman ajana mah geus teu aja babandinganana. Tapi ana papisah mah aing-singan bae, teu bisa mere hasil naon-naon, tjara dina lampoe electriciteit, oepama kawatna pegat teh (teu te-poeng antara eta dua roepa electriciteit teroes bae pareum).

Pwangan koe Kg. Besar ajana dikedahkeun soepaja Pamarentah babakoena Djoer. Djoer. E. B. rea tepoengna djeung somahan, margi katimbang gede pisan gawena.

Dina Sip. No. ieu hatoeur loemsjan, kagegelan, kenging njoetan tina Wawatjan Pandji Woeleng, anggitanana almarhoem R. H. Mosh. Mosa, manawi ata damelna.

Wiking.

Hak papariksaan.

(enquête) keur Volksraad.

Sala saorang lid 2e. kamer, bedjana mah djrg. Cramer, geus njeun

prustelan soepaja Volksraad dipaparin hak mariksa (recht van enquête). Ieu prustel dibantoe koe sobat dalitna djrg. Cramer nja eta djrg. Stokvis djeung doea tiloe elid bangsa priboe-mi, ngadaramel metie ka Volksraad, tapi aneh pisan-aneh soteh tjeuk koering-hot teu loba noe ngarem-poegan. Tjlik . . . . . meunang 5 setem, moen teu poho deui mah.

Walio hoe alam naon sababna noe matak barga oerang loba noe teu rempog, koe koering teu kaharti pisan, lantaran teu terang naon noe djadi kabeneran ka andjeunanana.

Ari tjeuk koering, noe tempoma ngan oekoer ka kolong, asa katjida hadena lamoen eta hak teh dibikeun ka Volksraad, sabab koe ingetan, tangtoe beubeunangan mariksa teh beresih, sarta toelen noeroetkeun boekti kaajanaana, moel beureun diseleot hideung, hideung diseboet bxtas atawa bodas meueusan, sabab anoe mariksana tea kabsungkeut koe papantjen noe sedjen, tapi woengkoel netepan kawadajiban, djadi wawakil rajat.

Taja petana andjeunna loba nilik ka sisi ka gipir, loba noe koedoe dicemah-oemahan, meureun sabisa-bisa satarabasna bae. Nja henteu moestail ari aja reretna mah, boh ka kentja boh ka katohoe, boeboehan manoesa tea, tapi ngareretna (njimpang) tea moel tjeuk anoe ditjangleud pagueuh, da teu mah merdika teu katalian koe ien, teu kabungkeut koe itoe.

Dina palebah aja masalah katalian mah, noeroetkeun pikiran koering katjida hesena pikeun ngalempengna dina praksa ngadjalankeun kawadji-ban, lantaran pinoeh koe paoer, inggis koe risi, koedoe pisan loba njangkiran-ganana, soepaja noe sabelah beres, njakitoe deui djeung lajanna loeloes.

Oepama naradjang ka noe adil meueusan sok aja arang-irina, teu ber rat sabelah, tapi koemaha lamoen ninggang ka noe hawek, kadjeun batoer pinoeh atawa tidedot, asal aing kapake tambah kamoeljaan, estoe katjida tjilakana. Kadjadianana njimboetan noe salah, ngabenerkeun anoe sasah.

Dimana aja kadjadian noe saroepe kieu, baka noe pimenerkeun, saha noe bakal ngagebah? Tjenah, aja oerang pinoer anoe daek tamba gado ngagjot ketjewis-ketjewis, saha noe pingagoegoeseun. Sok soemawonna djelema noe boga hak njarita, tjtjakan elid Volksraad anoe geus kapilih sarta diwadjiikeun, kabearuan anoe dialasorkeun koe arandjeunanana, bet tara dipertjaja (dihaminsa) salawasna. Komo moen noe ujaritana teh si itoe si eta mah.

Moen teu salah dina waktoe ngareboet beuerkeun eta motie teh, aja oge lid bangsa oerang noe njeboetkeun matak djadi tambah koesoet. atawa teu ngabargaan ka kapala noe aja di eta tempat, anoe geus diwadjiikeun koedoe nitanan, atawa moel aja pitoleongna (medewerking).

Ieu kabaurat memang bener lamoen di tempat eta kapalana oge boga salah atawa miloe salah; geus tangtoe djadjaeunna kana mere pitoleong (kana papariksaan) teh, anggoer ngahesekeun.

Tapi koe oerang koedoe dingetkeun, dimana-mana aja noe kitoe taladjakna, tangtoe geus tetela, sarta nembongkeun maneh jen di tempatna henteu beres.

Atoech keur naon pagawe noe kitoe dipiara, da boektina matak ngoesoetkeun.

Malah-malah ari noeroetkeun piki-

ran koering mah, papariksaan (enquête) mah lain tambah koesoet, tapi tambah aloes, sapertara lamoen manggih kapala tjara noe diseboet di loehoer teu gantjang katoengtikna, kadoeana oepama mariksana tea tjampoer djeung kapala anoe asih, lain bakal papanggih djeung tegenwerking tatapi djeung samenwerking medewerking.

Ari ka djrg. leden lain bangsa priboe-mi mah noe aja di Volksraad, koering mah moel mangherankeun, pantes bae rek kitoe rek kieu oge, da sarerea oge inget ka sadewek uasadewekna, mangsa bodo. Ngan weleh nepi ka kiwari teu ngarti anoe matak lul. leden djadi auti.

Sawemah meunang bongbolongan anoe kaharti koe koering mah, moel weleh handjakal, moel weleh handjeul, koe eta motie teu katampi, djeung loba nationalisten, anoe tegen.

Ari koe kabajang-satadina mah tjing atoech ngeunteung ka noe eng-gens, kadjaba aja anoe salirana miras kabungkeut mah. Doeka atoech palebah diuja mah, Oea Nany mah hemeng.

Kaa desa.

Balik ti desa, mentas koempoelan, koering njeun mikiran roepa roepa atoeeran, noe koe koering teu atjan pati kaharti. Doeka, lantaran kabodoan sorangan, doeka lantaran beda anggapan: teu asoep kana soeroepan sorangan. Tapi oepama ngingetkeun kana kaajana diri sorangan, kawas koedoe pertjaja kana kapoengsatan akal tina teu meunang pangadjaran noe djadjaeuban ka sampurna, teu pertengahan-pertengahan atjan.

Geura eta bae oepamana hal kas desa. Estoe baliwet, boetek, teu ramang-ramang atjan.

Noe kariaan - nanggap angkloeng koedoe setor ka desa sakitoe sen. . . . . keur kas desa. Noe nanggap ogel . . . . . beda deui. Njakitoe deui noe peupeuntjitan, toempa-toempa majarna, tergautoeng kana satona noe dipunteutit. Eta kabeh keur kas desa.

Tina loba perelektua, ti ditoe ti dien, nja teu woedoe laoen-laoen aja goendoe-kna. Make di sawareh desa mah aja noe doea, noe tiloe rebos. Tempo tempo leuwih.

Kentrong! kokhol desa ditabeuh. Broel Marhan ka bale desa. Ngalakonan kawadjiaban karahajatan, rek nampa . . . . kabebaurat. Da bisana.

Tah dina koempoelan kamari ieu, noe dibarempogkeun teh neangan akal, koemaha sangkan sakola desa gantjang bisana diadegkeun: koemaha ngatoerna nambahan ongkosna, sabab waragad paparin noe ti pajoen mah woengkoel, teu tjokoep. Desa koedoe bae njombo aja ratoesna.

Koe sabab kas desa di koering aja renoona, aja noe njanggakeun poersotel ka djrg. Loerah, koemaha oepama tambahna tina njokot ti dinja bae tina kas, tina djelema keur sakitoe parajahna koe kahiroepan.

Aneh! teu karempoegan. Keur kaperloean sedjen, saorna. Doeka kaperloean naon! Teu aja katerangan noe leuwih djacoh. Anggoer heug bae dipotesoes soepaja djelema oeroenan koe tanaga: ngarorak, ngala keusik, ngala batoe.

Tah noe kieu koe koering teu kaharti.

Waktoe harita noe karasa kaperloeanana teh ngadegkeun sakola

Ti pipir hawoe.

Keur oeing oelin, lar aja hadji, gandang-ginding. Toeloej manjakeun ka babatoeran: saha eta teh?

Ari djawabna: "Her, ari ki Silah, na teu njaho kapan eta djoeragan hadji Taean tea."

"Na make tea, da oeing mah teu njaho naon gawena?"

"Dagang, tani, boga pabrik nanaon. Opisil sarat kaom, modin."

"Bedoes, atoech meureun kagiliran djaga masjid."

"Teu sing-lara . . ."

"Her!!! . . ."

"Lakou gawe kamodinana wakil."

"Kaoentoenganana . . . wakil deui?"

"Walio. Taroskeun bae ka noe djadi loeloegeuna."

Tjeuk hate: teu woedoe, asa rada oge bampang moen kitoe mah boga kapangkatan teh. Ngan eta, moel ari tjara mangandueuh mah kitoe, batoer noe ketekal-ketekitna, isoen kang tjacoel-tjacoelna. Hajang naroskeun ka noe djenenganana sok diseboet dina hoetbah, koemaha doedoekna perkara noe sadjelas djeulasjab.

Masja Allah-Ja Robbi. Djadjakal-lohoe haeran kasiran.

Teu njaho kasirna pinoeh koe kasang batoer. Brrrr!

Gelenje.

(\*)

Naha matak naon, moen eta bae di-hoelakeun.

Keur kaperloean sedjen oepama aja, engke deui bae tina piralak perelek tea, oeroenan noe teu pati karasa, noe teu teredjeun, tjara noe geus kasaboet di loehoer. Mana teu dihoelakeun oge, meureun tina teu karasa kadoeuanana dihoelakeun.

Geuning bedjana di sedjen desa oge, diwahabau distrik sedjen, teu sakaraka keur kaperloean sakola teh nja njokot tina kas desa bae.

Pogoech di dinja oge mimitina mah-raga-rogo, tapi ari proeng mah diingkeun ka dajeh, koe noe ti pajoen teu boeroeng diidinan.

Kas desa teh tjengtelengan, keur kakajaan woengkoel, atawa pakeun dina waktoeana? tjeuk hate.

Oepama ditundeun bae mah, sarosa bae djeung modal paeh. Teu aja pisan ugeunteungkeunana. Kapan kas desa, atoech keur desa. Keur njoemponan kaperloean desa.

Aja deui noe leuwih aneh. Memang-bedja di Karesidenan sedjen, sanadjan doeit aja dina kas. tapi somah (Loerah) tara teuing daek njokot. Anggoer dimana perloe make doeit, heug bae ngindjeun.

Naon sababna?

Tjeuk noe ujarita: Koemaha da koe leese, tjeunah rek njokot doeit teh.

Djaba ti hese, sok njaritjikan rag-ragan di djalun. Njokot oepamana saratoes lima poeloh roepia, ari antoekna noe djago dewol tina samistina. Maloemlah, teu kitoe tea, teu kien tea, aja-aja bae. Ieu . . . . . djadjan boedak, itoe . . . keur boko.

Dikorekneun koemaha. Noe matak kadjeun ngaridjeun. Komo ana ngingetkeun kana hesena, koedoe-sasatna sembah koerling heula, me-meh prak njokot teh.

Naha atoeeran kas teh roepa-roepa, di cenggal distrik teu sarosa.

Da

Taricoerti, Moeharam.

(\*)

### Ti Padoekoehan.

Santri: "Ajeuna, seueur noe njebatkeun 'parantos' achir djamu". Naon lawina, Kiai?"

Kiai Weroeh: "Ari tandana mah rea-rea, malah araneh pisan. Apan djamu ajeuna mah manuek tjoeng, kerak, tjangkoerawok oge bisa miudankeun djelema. miudankeun martaba".

Sautri: "Koemaha, doepi sato sanes sareng noe sanesna?" Sapertos: "bi-bik, engkol, penten... deui?"

K. W.: "Ih, si doesoel eta mah ngan oekoer keur pamoekeu lawang, tilam sono."

Santri: "Kar-rooo-oooh".

Kontak.

### Tridama.

Bisi aja noe samar, bisi bae kawantoe djelema tea teu sapanggih, oerang tet-lakeun heula saeutik, pangna koering wani noelis Tridama. Ieu teh ngaran goenoeng, malah ajeuna mah djadi ngaran bagian kontra-kan Kareuabi, perusaha dilingkoeng koe tiloe margi. Beulah kaler Margatjinta, beulah wetan Margawindoe, beulah koelon Margapala, ti kidolena Poentjakundjoeng, Poentjakloekot, kateh goenoeng Ranggani, palamanan Argapoera. Eta kabeh ajana di pagoenengan, sakidolenn dajeh Soemedang, antara Lingga djeung Lingga. Beulah kaler Lingga batoe ajana di aloen-aloen, beulah wetan goenoeng Lingga, beulah kidol goenoeng Lingga, ngan beulah koelona ngumpulng teu aja Linggana, aja oge desa Linggar.

Demi tri hartina tiloe, dama hartina goenggoeng, djadi tridama teh hartina panggoenggoeng tiloe roepa. Ari koering ujeboet tridama teh seoljen deui noe dipikarep. Mako soteh ngaran eta, saprakara pangeling-ngeling ka noe geus kadjadiah, kadoea inget ka Soemedang, hoebohan koering dijeroeokeun di Soemedang, katiloe aloes ketjapna, aloes hartina. Nja tji-tjoetat koe koering dipake ngaran roekoer tiloe, disimpj koe hoekoer tiloe.

Djelema oetama, moelja bae tjindegna mah, anoe geus bisa ngadamadama roekoer oemoer keur manoesa.

Kahidji roekoer djeung batoer, kadoea roekoer djeung hate sorangan, katiloe roekoer djeung Allah. Roekoer djeung batoer narima hoekoer adat; roekoer djeung hate sorangan narima hoekoer sjarat; roekoer djeung Allah narima hoekoer akal. Tah eta roekoer hiroep samporna. Tatapi nja eta atoeb, Bapa si Keroed, koering mah samporna teh ngan njaho ketjapna bae, tatjan kapanggih basana, tatjan katjoektjoekeu geusanua.

Emb Bapa si Keroed, keur koering mah samporna teh ngan oekoer djadi panjileukan hate, lalomoenan noe moal kasorang tea. Tapi teu boza lalomoenan lalomoenan atjan mah abong deui hiroep teh, da ngalomoen djeung bajang mah euweuh noe ngalarang.

Soemawonna njungga tiloeanana roekoerna djeung hoekoerna hiroep samporna, koe saroepe geus loba anoe teu tahan. Dipikir pandjang mah ugalkan hiroep teh beurat anoe-taja papadana. Abong-abong hiroep niat batoer.

Bapa si Keroed, mangka perjatna, lamoen aja noe akon akon boga elmoes kasamporna. Tjangued dina kalboe, goong tara uweuh maneh. Kieu sababna noe matak oelah roesoeh kabongroj teh.

Sakateh para rasool, soemawonna anoe kabehdieuakeun mindeng kakotjapkeun, pangwoeroekna ngandoeng tridama tea, tapi teu atjan aja hidji rasool anoe hasil, samporna palameanana, boektina aja pirang-pirang agama, pirang-pirang tarekat, pirang-pirang pakoempoelan, anoe kabeh maksoedna tjajah hatoer roekoer djeung batoer. Saperti Kangdjeng Nabi, pamoeetan Kaom Islam, moestabil maparin pitoedoe ka oemana koeoed ang-nugan, lain? Koemaha ari boektina? Ajeuna di dieu di Hodia geus aja sabaraha golongan Kaom Islam? Siga-sigana djelema teh beuki tjeujak beuki bengkah, beuki tabah silih arah, pabisa-bisa ngatinah. Diti-lik nepi ka lebah diuja ipitoeter rasool teh teu napak di manoesa sigana. Boekoer-boekoer anoe dieusi papatah, djelema koeoed roekoer djeung batoer, meureun reana geus mangjoeta-joeta, sarta lamoen ditoempoekkeun takairan ngoendoeng-ngoend-

doeng ngoengkoelan goenoeng Salamet. Boelna papatah tea, pabisa-bisa ngarah, pabisa-bisa pakakula keur ngabinas. Ti djamu-bahula nepi ka kiwari maksoedna manoesa hajang roekoer djeung batoer tatjan laksana. Noeroetkeun tjajita djamu Nabi Adam keneh di antara poetraua geus aja noe pabentar, wani ngarah pati doeloer. Poetoe Rasool, noe djerengan Hasan Hoosen, patina dirah batoer. Tah, Bapa si Keroed, noe matak tjek koering etmoes kasamporna teh elmoes lalomoenan, kahajang noe moal kasorang tea.

Roekoer djeung batoer teu oedjoer, roekoer djeung hate sorangan arang-arang, roekoer djeung Allah ngan salah. Tapi sawadina oerang oelah tjtjingeun.

Soegan pareng, ke kabareup oerang tjaritakeun, tridama teh mantja warua.

Moh. Ambri.

### Tjoerat-tjaret.

Ere, Wien eere toekom (Normat, sijn wala noe pantes dihoromat).

Sakoemaha noe geus diwawarkeun dina soerat-soerat Kabar poean pirang-pirang noe meunang noegraba ti pamarentah koe lantaran djasana dina waktos hoeroe lara Komini. Aja noe meunang ridderorde noe meunang bintang emas, bintang perak (gede, leutik), bintang paroeenggoer, aja noe ngan meunang tarima kasih bae djeung saerang noe meunang militaire Willemsorde 4e klas. Nja eta Kandjeng Dalem Tjiamis.

Bangsa noe lain militer, noe meunang eta bintang di oerang teu loba. Tjeuk bedja ngan oekoer 2 atawa tiloe bae sa Indonesia. Tjiri kamalahalana. Noe meunang eta teh ateh ana kitoes koeoed djeumolna djempol-djempol, tjeuk basa ajeuna mah.

Noeroetkeun tjaritana noe njaraho waktos geumdjeug, ngalengkeun koemaha taladjak Kdj. Dalem Tjiamis dina malem 12 ka 13 na November taen toekang, noeroetkeun kaajaan harita, teu lali kana kamanoesanana, teu weleh ngawawadi sabisa-bisa ka noe ngaraman, teu nganteur napsoe oedjoeg-oedjoeg djedor djedor bae ka noe ngeriboekenn, toerta majoemana noe sakitoe lobana. Oepama ngingetkeuh ka dinja, estoe meudjeulna andjeunna koe pamarentalina digandjar koe noe sakitoe loeboerna. Beuki komo pantesna, oepama dipikir pangna teu leuwih loba noe tjilaka koe lantaran taladjak andjeunna waktos harita.

Nadjan andjeunna lain kaom oerang, tapi oerang perloe ngahormat ka pantjahoemana andjeunana.

Ere, wien eere toekom. Djaba ti andjeunna, oerang perloe dina hate miloe ngahormat ka sakabeh Marhaen noe teu pangkat teu gadjih, tapi noe geus miloe noeoe bieng ngaronda, miloe nga-diaga-bata, miloe nolak-bala, dina waktos kurbhoetan; teu rolih poek, teu nolih hoedjan, ngalakanan perdjalaman noe tempo-tempo aja poeloelana pal, noe dibelaan moeroelkeun hina ketip, dimana Embok Ipoh teu bisa imdit, eta sakabeh perloe koe oerang dihoromat. Ngahormat kasabar-daradana.

Marhaen! Pamarentah moal oerhngaeun kana sakore noe geus dikorbakeun koe andjeun, nja harita, nja tanaga, nja kawarasan badan, pikeun kaperloean saroea.

Tapi koering anoe raket ka andjeun, noe sagoeloeng sagalang, noe ngarasa sakore noe karasa koe andjeun, hatoer noehoer-panghormat loeloemajuuan ti

Abah si Eatlop.

### Pangwoewoeh "pageboeg" Inkomsten belasting.

Hatoer se-woe noehoon kana pangwoeroekna Djoer: Redaktee dina soerat sin koering tina perkawis "Pageboeg Inkomsten belasting."

Sin koering roemsoes boedjeng-boedjeng teuing njeratkeun eta perkawis, henteu diantoskeun heula kana dipar-tongna dina mandaat koe Departement. Noemostekeun oenghela beulit anoe katampi harita bae, estoe matak ngagebeg anoe boga hadas mah. Ari koeroetah mandaat mah jaktos sakoemaha saor Djoer.

Redaktee, dipotongna sasarapatna tina gadjih. Moeng aja keneh bae, doeka lepat ngetapp doeka koemaha aja noe gadjihna moeng f 45 dipotongna f 13,75.

Nanging sanaos kitoes dina emoeetan sin koering masih abok keneh bae, mending ditjijil dipotongan sabau saulit.

Kawoewoeh deui anoe gadjihna f 40 dipotong 1/4 na at. f 10 leuwih beurat tibatan noe gadjihna f 4000 dipotong f 100.

Djaba ti eta sin koering ngoeuping wartos ti noe wadji dipertjaja, noeroetkeun itoengan belasting anoe teu koeoed majaj dokter, pagawey Gouv. anoe gadjihna koering tina f 300. Koe sabab kitoes dina ngitoeungna inkomsten belasting teh anoe gadjihna f 300 kahandap mah ditau-bah koe 20% tina gadjihna.

Ari anoe f 300 katoehoer mah henteu ditambah naon-naon. Ana kitoes anoe-gadjih saeutik oge, henteu meunang dokter pere, malah aja tambahna anoe teu gering teu maon oge ari dipotong mah miloe. Ieu itoengan onpraktisch.

Pa Katioeng.

### Tjing mana noe bener koering bareto padoe djeung Koeminis hal "Nikah".

Dina ngadegna Koempoelan Koeminis di Bandar, rame pisan di paroeetkeun hal nikah sareng nolak, pedah sok di Kaoem. Koe timbangan pribadina hal nikah tjoekeup di imah ditikalkeun koe hapana Aweue bae, sanggem simkoering bener kitoes, leres pisan memang sih eta teh, moeng bae kedah emoeet, ari pektora di Kaoem eta oelah salah ngarti, eta tikah, ngangggo tata oedanagara, keur ngadjaga ka teu-beroesan di ahirna, oepamana bae kieu. Bapa Soegriwa boga anak ngarana nji Demplon di kawinkeun koe pribadina ka Ki Djujuseua, soeka lakimana kalawan di sukuan koe barajana, teu mako ka Kaoem, nja teu naon-naon oepami loeloes ti awal doegi ka Ahir, ngan bae koemaha oepami Djajuseua njaba ka lina nagara noe djaeuh; geus aja sahatoen taja, tambang kirimanana, taji ieu nji Demplon rek tarima huc, nja ari tarima mah teu naon-naon, ngan koemaha lamoen teu soeka, djeung toeres njarita ka Bapana jenu teu soeka djeung geus teu sabar, tah ari geus kieu rek dikoemilakeun koe bapa Soegriwa? Ambih gampang tjeuk Bapa Soegriwa kawin deui lae ari aja noe soekaeun mah, na poe goeh Demplon gampang gatroek bae meuzang lalaki ngaran Tjitrajoeda troes ditikalkeun koe Bapa Soegriwa; songgeus kawin watara 5-6 boelan Djajuseua datang djeung ngangken pamadjukan keneh ka nji Demplon, tjing rek dikoemilakeun koe bapa Soegriwa? djeung koemaha moetoena ka mangkoning tjek Djajuseua ka mitoha wani geloet ka Tjitrajoeda wani boken, pek koemaha ari kitoeh tjeuk koering teh loempat ka nagara menta poeoesan, meureun tjeuk meak teh, tjing tanjakeun ka mang Naib, mana ieu teh sakalina, meureun tjeuk djoeragan Naib: "Doeka mamang mah ka ieu-ieu oge teu ngawinkeun", bil ari kitoes mah lain oeroeskeunueun nagara, ngan lamoen geloet ngadeng-dje deoemana, ari daek engko mah masabodo tah kitoes kadjadiannana oepami kawin tinggal nagara teh!

Geura oepami kawin di Kaoem noeroet atoeran Nagara, bener ari mako doeit temah, poegoeh perloena mako doeit teh, da sarat Kaoem teh noenggoe oae saban dinten bisi aja noe rek kawin, eta mah itoeng-itoeung tamba kesoel doeit teh. Da oepama sasokana teu mako doeit, tangtue noe ngawinkeun oge sasenggangna bae sasokana, ari keur teu poeroen tangtue tamada, isok bae rek kasawah heula, pageto bae rek ngabehdieu balong heula moal boe tjangtue kitoes tjeuk koering mah, na teu matak soesah lamoen kadjadian kitoes, nja ari noe denkeut teu sabaraha soesahna, koemaha ari noe djaelna 4,5 pal, kapan ongkos mobil oge sabaraha! isok deui pageto deui mah, toeh mendung atoeran oerang timbang model baroe mah.

Deui hal Nolak, bahela mah tara mako doeit, tajohna Kaom Kbeun mah teu patj bangor tjara noe ajeuna, boektina, ana geus nolak teh nolak bae tara aja pentar kakaitanana. Koemaha ari noe ajeuna mah, Njai akang nolak ka njai sahidji malah ka bapa oge geus papasrahau, getih atotes boeok salambur akang geus teu ngaboga-boga ka njai leh, atoeuh tjeuk awewe nja dalah dikoemaha nja tarima bae tjara koering mah di joeloeng djeung dipitjeun. Tapi koemaha ari aja noe rek ngawin mah pok bae ka djoeragan Naib ngalalang teu roemasa nolak, mana saksina mana tanda tangannana, nja djadi nolak koeoed ka Kaoem. Doeit deui, ngaroedjoe bahela mah, koe tenggor bae djadi, asal bak goloprak, saha eta tjeuk awewe teh, kami roedjoe! djadi bae. Tarima bae awewe teh, koemaha ari ari ajeuna? poegoh geus djoedjoe geus mondok aja minggoena, tapi ari djeboel noe njanja nja beunghar nja kasep, ga-proek bae, ari rek kawin dipegat koe popotonannana, djoeragan Narboeloh di kawinkeun margi geus djadi pamadjukan koering parantos di roedjoe, ana tembul teh awewena, tobat ketah djoeragan teu ngaroedjoe teu tembong-tembong atjan tjinggoerna nembu ajeuna papendak djoeragan, moega oelah di dangloe! mangga parios saksina mana tanda abdi soeka di roedjoe, toeh da kitoes, kapaksa koeoed ka koeoem deui, doeit deui bongun dipapatalan nagara teh koe djalma noe bulangor!

Bener kawin mako atoeran, tata oedanagara sok mako doeit f 2 geura kieu atoeranana malah moen geus kabarti maksoedna, djadi katjida moeralina. Sapertina nji Demplon noe geus ditjaritakeun di loehoer di tingkalkeun koe sakalina nja eta Djajuseua, lamoen geus ninggalkeun papugon hoekoer njaba daratan geus 6 boelan taja tambang kiriman troes nji Demplon datang ka hoekoer, tangtue koe hoekoer di pasah, sarta di kawin koe Tjitrajoeda teh tetep laki rabina, taja karempian karisi sabab doeit f 2 tea maenatna, djadi lamoen si kaboer datang njeun saroepe di loehoer, soldadoe ti nagara pilawaneunana. Djeung inget lamoen oerang kawin tinggal ti atoeran nagara, koemaha lamoen oerang keur panganten pelesir nongton bioskop, pipamadjukan teh di roebot batoer heg teh, sleh tamba lain ngalamot tjeroek, tjaba lamoen di kaom mah tangtue sasibapog teh Veldpolitie pilawaneunana. Ieu mah gampang pisan noedoeh masjid tjajah fabrik... baid baid.

H. Procwito.

### Dangdanggoela "Pileuleujan".

1. Dangding bidjil tina ati soetji, sekar medal ti noe keur soengka, neuman kersa pang Manon, reh geus tjoeudoe koe woekoe, milk'diri degi ka djangdji, dongkap kana mangsana, jenu kedah padjaoeh, itjaji ti panningal netra, supi tobih tina tingali noe dolir, unggang ti biasana. 2. Takdir diri teu bisa soemngkir, tisis toelis teu bisa njingkahlan, ngan kantoen soemerch bae, da kieu geuning atoei, pangersana noe Maha Soetji, abdi kedah patoeraj. 3. Panggang padjaoeh, sinareng kanta Pasendun, noe parantos sagoeloeng ngadjadi hidji, dina saliring lampah. 4. Kadjeun teuing lahirna patebih, batinna mah hamo rek paanggang-bade lengket njantel bae, koemboeh goeloeng ngarioeng, pilir moedik djadi sarakit, sabantaj saeulatan, satoenggoel sapajoeng, toenggal di tanah Pasendun; dajoh deudeuh nagri resmi, hegari, resik, Batawi kateluhna. 5. Poedja-poedji teras sareng ati, dua medal tina manah leung-gang, launggang dengdeng henteu towong, meuehoen ka Jang Agoeng, Pasendun teh pinanggih moekti, ginandjar kasoengangan, loeloes moeloes bangloes, tebih tina panja baja, basul maksoed saliring oesik diaping, didjaga tina bahja. 6. Kaping kalih neda sih haksami'

moegi-moegi-keras ngahampoera, ka abdi anoe geus mios, sadaja noe dikantoen, para miteu noe sami saib, ngeragat wnoe ngantou mah, teu kedah dipendoet, tjang boelan opat welas, ngahapoentan lahir toemaka ing batin, leboer-boer sapisan.

6. Ngeres ngeres ari emoeet deui, ka sadaja rotjang di Pasendun, anoe sudidinten lengket, rapet henteu padjaoeh, satabest sareng saati, sakarep sipanedja, karep ngaler, hieol ngidoel, ka manana sasarengan, woeri-woeri ajeuna pakantoeu telih, iraha deui tepang.

7. Sicutu teuing moal mendak deui, mitra anoe sapertos ajeuna, sadaja manalna sae, ageung welas toetoeoeng, repat-repat salubet koehir, geus komo kawaduhan, pampunjening goeroe, sili deudeuh sili raksa, sili geuing bok manawa lepat lari, oedangan koeoemaman.

8. Djaba eta noehoeu laksa keti, moedji soekoer kanti kasuean, kapula goeroe H. I. S. estoe manahna loehoeung, kaenitina maksud pribadina, njeun ngaran Pasendun, keur ngadjoengdjoeng madjoe, madjoea oerang sadaja, katawina didamelna ati ati, njajah ka boelak Soenda.

9. Boekti-boekti tjirina di moerid, soeweregep kana pangadjaran, ati ati teu tjampolek, sinareng rentjang akoe, rekeh djeupe koemargi adl, kawas sae repokna, njampak anoe araloes, moegi-moegi saladjengna. Kening manji goerus masoer moerid moekti, roelroej leubent boehna.

10. Hatoer noehoer wireh dipaparin, kagegelan roepi tawis soeta, soewenir osmia vulpen, hartosna teh didjoereng, gawe getol keur toelas toelis, malah ieu ge njeras, koe eta ngadoesoan, ngamharkeun soeka doeka, kakalaran rasa ati soewenir, wireh patoeraj anggaug.

A. S. Markas.

Wetvreden 30 Juni 1927.

### Adres Bapa si Keroed.

Sip. No. 49.

Sanes papatah moeng njanggakeun pertimbangan ti djam koering (sanes ngabonggoengan).

1. Oepami leres toeng marggoe sanes siloka, kantenan tjangkang dipitjeun teh leres.
2. Oepami siloka mah oelah, margi ari tjangkang oetjap, eusi tekad, boektina tapok 7 eusina oge 7, tapok 5 eusina oge 5, ibarat ningali salira dina katja, angot oepami ngagalih aja basa Raja boedi manah rasa.
3. Sareat toedoeh djalan, hakekat kanjutant, sipat 20 keur panjaksi.
4. Koepoe eta kapeorba, kapir eta kapariksa, djadi roemasa kapeorba kapariksa, ari noe sok noedoeh kapir ka sasana manoesa eta djalma ka seboet fabrik sirik, moeng sakitoe bapa si Keroed ti meong toetoei.

H. Procwito.

N. B.

Meungpeung daek keneh noelis, da ari geus emtoeng teu beunang dipaksa,

### Adji saka.

Adji saka pakca atawa panah, moen bener gekkekannana, nja dipungkatan djadi pangadjen; asal ti na pangadjan, hormatun sustana noe kubarita, atawa noe kateferan. Noe matak sok diposndjoelkeun, basana Sang Adji atawa Sang Katoe. Nepi ka kadonggengkeun aja rudi ba-heula djenenganana Adji saka, atawa Ratoe Suka, Koe koeringna ditoe-loejeun, hartina kposndjoelna adegan di pribadina; moen koe Soenda djedjer pantjer, djedjeg adjeg teu aja mentjeng ka kentja atawa ka katoe-hoena.

Ari saka saroea djeung tihang Di

kompoeng diareboet tihang saka, nja eta tihang noe aja di 4 djoerena, ka lima noe njiingnan, minangka ana; noe matak boemi moentir.

Heug randjungeun, waroega noe geus taja noe njiingnan, nja baugke tea, roekag-roeangeun.

Sok disaroesael: Kamana noe jittinganana?

Didjawab hari banjol: „teu kamana mana, tjalik-tjalik bae, ngau geus beakeun pangaroh, djadi taja pangaroh; sareatna rek dikoeboer, rek dipalidkeun ge moal naon-naon.

Aja deui noe nanja: Noe koemaha ari pash aloes?

Tjek koerung: oenggal noe pash ge euweuh noe aloes. Mangga bae petjak-petjak nanja: saha noe kabita koe pash aloes, ajeuna?

Aja soteh kabita koe betah dipanoengtoengan, atawa kabetah nepi ka toengtoeng.

Toengtoeng naon?

Toengtoeng kahajang atawa kacamboeng tepi ka toengtoengua; betah wae.

Djadi euweuh teu betahna?

Kuweuh.

Saha pidjelemaunana?

Silaing moen geus beukah atawa geus bitoe wawatek kalalakian. Engke kakara silaing kapake koe silaing. Ari silaing kapake koe batoer mah, ajeuna ge kapan eukeur; noe djadi Goeroe djadi Bopati, djadi Loerah dj. a. t.

Tah kadjadian noe betah di sapanjangna teh, eta nuwat adji saka, adjian di siger tengah.

Koering mah hajang manggihan djelemana bula noe bisa kitoe.

Moal aja, sabab diajana ge, maneh mah lolong.

Kadenge sora-sorana soegan?

Enja, kapan koedos koe tjewi, ari tjewi geus torek mantan.

Ah, kitoe - kitoe teuing, soegan rek oendjoekan bae sabalakana; bari njanghareup ngoelon, soegan kabeneran, lar, pok!

Nja tjaba tjaba, ari bisa mah ngomongna. Sanggoep kira kirana?

Ah soegan rek kieu wae: Noen koelanoe abdi teh djelema teu pegoeh, sadaja-daja njanggakeun beuheung teukteukeun soekoe geuteng beloketun, roemaos bae, rek dibeuruun rek dihideung, sedja pasrah kari koemaha bobot pangajon timbang taradjoe kersa. Goesti noe langkoeng adil, langkoeng oeninga . . . . .

Koemaha kira-kira silaing keneh piwaloneunana?

Doeka.

Tah kitoe bae, meureun tjek itoe age basana „njaooco!!

???

**Si Bagong djeung si Oedel.**

Bagong: Oedel hajoe euj, oerang njenangkeun hate, meungpeung Agan keur tapa.

Oedel: Njenangkeun hate koemaha aka.

B: Maneh koedoe tembang, lagoe Sinom kentar tea, geuning bareto geus diadjar, di djoeragan Muntri Irigati Tjiamis, noe ajeuna diiboeurkeun rek disilikeun ka Tasikmalaja.

Oe: Edas bae, aka mah, ari mareh tah teh sok noe bangga bae. Heug atoeh dengekeun.

Aja hidji soepa kembang, raranggeujan tapi leutik.

B: Ke euj, oelah sok soendar-sindir ari tembang teh, deuleu, bisi delik, naon noe diseboet kembang teh, istri atawa kembang enja?

Oe: Euh ari kaka, aja euweuh anerti teh. Noe dimaksoed koe kembang teh, nja eta koempolan Pasoendan.

B: Naha geuning aja koempolan raranggeujan djeung leutik?

Oe: Kapan rea tjabaugna, enja soteh leutik tapi marahi.

B: Euh, ngarti ari kitoe mah, heug atoeh teroeskeun deui.

Oe: Koepana bodas katjida.

B: Naha roepana bodas, lain sloes ano woenoe kembang mah.

Oe: His kaka mah ngagoran bae, atoeh moal kaer madjoe. Bisi teu ngarti noe matak diseboet roepana bodas, sabab toedjoeanana aloes, henteu tjara sarikat rajat, tjek noe arajuna mah kaom merah, teh eta mah toedjoeanana beureum, karepna rek ngaroentagkeun pamarentahan, reudjeung maksa. Ari Pasoendan mah teu kitoe maksoedna toeroeg-toeroeg tara salingkoeh sagala satarabasna,

sagala satjeplakna, tara aja anoe di-kandoeung dikemo.

B: Heueuh, pek teroeskeun.

Oe: Matak loe'joe liwat saking, handjakalna teu seungit, lamoen koe oerang diaboeng, kitoe soteh ti beurang, ari seug moenggoeh ti penting,

B: Ke, euj. Naha geuning teu seungit, asa teu pati resep.

Oe: Alah, kaka mah, megat-megat bae, ngeungeunahna rek madakeun. Kieu geura, teu seungit soteh, baheula keur kakara meletek lamoen pahon poe mah, kapan eta geuning diseboet tj beurang, hartina anjar keneh, sagala koempolan oge ari kakara ngadeg mah, hartina kakara tembong, kakara meletek moal atjan bisa njeun ngaran anoe seungit, tah Pasoendan oge kitoe, koemaha ari ajeuna, minangka geus kolotna, minangka peutingna bet:

Soemeleber njamboeng sapakarangnan.

B: Aaaaah, bissan silaing mah Oedel euj bener ajeuna mah seungit ngaran mah bener njamboeng sa-pasoendan ngaranmah teh, euj.

Oe: Tjing si kaka, nembongkeun pangabisa ajeuna.

B: Nja ari koedoe' teuing mah, seug euj, reungeukeun!

**Kempelan „Pasoendan.”**

Koelisik noe geulis njaring, njaring tiha panjeupan, djol tembong noe denok nempo, lalalange disoer-soer, noe lendjang loegaj tas tapa, tapa tapakoer menekoeng, dikampoelan augin Barat.

Angin Barat beuki tarik, dongkap kana mangsa loegaj, koredjat kampoeuh dibetot, angkat henteu soemoreang, noe gandang taja kamelang, angkat tartib henteu wojoeng, wojoeng teu beunang diwangwang.

Noe lenggik angkatna tartib, noe lendjang teu njandak rentjang, rentjang mah teokang ugarewong, ngarewong enggonging, njawang, njawang ka kauggangan, di noe angeang mah taringgoel, noe lendjang sedja njaringan.

Digebah dikeprik tebih, sanadjan disoer-soer, keukeuh maksa soemolondo, pataj ditjandak riangan, rendengan diua rengangan, rengangan njatoerkeun oemoem, noe lendjang henteu nebihan.

**Bapa si Keroed.**

**Panoehoen Kweekschool Bandoeng ka para poetra poetrana ASMARANDANA.**

I Geus baloas memeh djadi, ren was memeh kalampahan, soemeredet dina hate, soemehlak reudjeung loemenjap, kakara ge koe bedja, toer tjarita tatjan tangtoe, meureun karek lalamoenan.

II Njan sok risi bisi djadi, hariwang salempung enja, boe-boe henteu bohong, ngalamoenna katereasan, sidik sabedja tea, patapan diaudih batoer, ka mana bapa nja njingkah.

III Eukeur ngahayang ngahening, tapa ngasoeuh baroedak, ti ngora datang ka kolot, kalawan hate goembira, oestoeniug soeka betah, genep poeloeh doea taon lilaun lamoen teu salah.

IV Kari kari koedoe njingkir, njingkah ti geusan ajeuna; reudjeung tatjan poegoeuh nja los, haloes ngautoeu babakan, noe sekitoe lilana, tempat ngas-eh anak intjoe, ngadjar elmoes kugeroenan.

V Adoeuh tobat milik diri, koelak tjanggeun bagja awak, bet asa kateler-teler, ngarasa teu boga dosa, naha asih-asihan, ujsah ngan ka poetra boengsoe, doeh patapan pileuleujan.

VI Lain owel-owel teuing, ngau roemasa beunang bapa, ngalemah hese tjape, diloeisan diberesan, diaotoer sangkan betah, keur maraneh ngolah elmoes, geusan ngawarah baroedak.

VII Bapa sok inggis koe bisi, salempang rempan koe soegan, da bonggan enggeus ngadenge, jen bapa teh koedoe njingkah, ti lemboer noe ajeuna, bedjana mah kabeh kidoel, Langen Sari Tegal lega.

VIII Kasmaran ngawoewoeh sedih, lamoen pandjangan dipikiran, ajeuna mah pasrah bae, ka maraneh noe ngarora, koemaha sangkan lana, tetep

toemetep nja matoeh, henteu intjah pindah imah.

IX Bapa enggeus aki-aki, ngarasa soeda tanaga, awak geus mimiti ropoh, ari melangna pohara, kana tempat ajeuna, rek ugandelkeun anak intjoe, pikeun akal tarakahua.

X Bapa tetep henteu njingkir, pindah ingkah padepokan, oerost ngasoeuh maraneh, bapa beak nja pertjaja, kana akal noe agora, sanadjan noe lain goeroe, moen roemasa anak bapa.

XI Bapa menekoeng moemoedji, bari rek salat poessa, reh neuda ka Jang Manon, Goesti noe Moerba Wisesa, akal maneh laksana sakoer panoehoen dikaboel, tjaba geura bismil-lahan.

**B. K.**  
Noeroetkeun besluit Kd. Goepremen t. 1 Juli 1926 Kweekschool Bandoeng didjieun H. I. K.  
Red.

**HINDIA MADJIE.**

Itoe, jaitoe karena kepandaiannya pendoeoeknja. Inilah maksoed kami. Akan mentjapai maksoed ini, kami mengadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat beladjar Bahasa Belanda dengan Cursus ditoeelis tiap-wap minggoe seboeah pengadjaran.

Kirimlah f 2,— dan dengan lekas kami moela mengadjar.

**Bahasa Belanda f 2,— seboelan**

**Met Algemeen Onderwijs Bureau**

Naripan 90  
**BANDOENG.**

**Boekoe-boekoe anoe parenting.**

Kanggo ngasah sareng ngaloe-hoeurkeun boedi:

Hadis Mir'adj K. Nabi (Hoofd-paughoele Bandoeng) . . . f 0,50

Hadis Patimah poetra K. Nabi . . . . . f 0,25

Sedjarah K. Nabi . . . . . f 0,30

Elmoes kasepoehan (sami sareng ngingoe kijai) . . . . . f 0,75

Paririmbou sepuh idem (R. Koesoemawinata) . . . . . f 0,15

Kanggo landong ngabangbang areuj:

Hoedjan tjisotja . . . . . f 0,35

Regel talak . . . . . f 0,30

Eneng Jaja I en II . . . . . f 0,60

Satria Toenggara . . . . . f 0,75

Moro Djoelang . . . . . f 0,35

Wasiat rama . . . . . f 0,10

Nampi saniskanten tjitakeun!!

Sadaja djabi ongkos ngutoen; iwal abonoe Sipatahoenan, tissa ongkos vrij (serat No. langganana).

**Schoonmakelij en Kleermakelij „Malah Mandar”**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tissa nampi pesenan (kengangan) ngadamel roepi-roepi rakaekan enggeun pamaget atanapi moeragkaith m-dela tissa noemoetkeun sakoemaha kapala, sareng ditjagikeun roepi-roepi lawana.

Oge njalagan slop-dop, sandal-sandal spateo-spatoe katoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boelodroe noe kasar sareng noe asa.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea

**O. Sasmita.**

N. B.  
Toedeng Panama  
noe didamel tissa pama f 1,—  
" " " djagal f 2,50  
stroba (pamecina) f 0,25

**TEGELFABRIEK „NAJA”**

Goenoengabeulah  
**TASIKMALAJA.**

Midamel roepi-roepi tegel. pangas sareng kaktian ditang-gel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangas tjasa badanten).

24 Directeur.

**Wawatjan wajang Poerwa.**

Koe margi ajeuna kantoen saeutik deui minangka njeep-keun pangasna wawatjan wajang Poerwa ditoeerkeun tina f 1,25 kana f 1,— nja eta soepados djilid ka I enggal seep sareng bade ujitak deui djilid ka II.

Mangga saha noe bade ngadendul Schoolfonds „Pasoendan” Tasikmalaja sareng palaj oeninga lalakan wajang, kedah enggal neseu wawatjan „Wajang Poerwa” ka Bestuur sakola Pasoendan di Tasikmalaja.

**Hatoer oeninga!**

Toko Soenda midamel babakan, tebihna ti Aloen Aloen Tasikmalaja, nganggo dekmun 3/4 djam, kareta mesin 1/2 djam, auto 1/4 djam, malah ka telahna oge Babakan Soenda bae, ieu Babakan di damel tempat pikeun plesiran, geuna kasenangan sareng sport, disajagikeun roepi-roepi kaamangan, di sitoe njondong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kening diango sapamili, kabitan 24 pameumpang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kening diango pelesiran, sajagi Buffet iasa kening roepi-roepi katoerang, sareng leuweuteun, oepami anoe bade lebet, kedah majar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa, Noe njandak kareta mesin, di sajagikeun tempat moeng kedah meser nomer 2 1/2 cent, soepados oelah itjal sareng ngagampikeun ka Pangoroer.

**B. S. A.**

Na djoeragan teu atjan oeninga kana boekoe „Wajang Poerwa” pangasna f 1,— sareng boekoe „Democratie” pangas f 0,12<sup>5</sup> kaloe-aran Pasoendan Tasikmalaja. Oepami teu atjan enggal pesen.

**Ketoe Oedeng Makorij HALIM**

West Paser straat 16 Bandoeng

16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas a.s.t. ngawitan pangas f 2,25 f 2,50 f 3,— f 3,50 f 5,— sareng saterana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng eudul ngawitan pangas f 2,— f 3,50 f 4,— f 5,—

Tissa nampi kengenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2,—  
1 . . . . . f 1,25

Model wiron tambah dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangas f 2,50 f 3,— f 3,50 sareng f 4,— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe asa noe kasarna roepi-roepi pangas: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djomas enz.

**Toko Boekoe WEBER**

DJALAN STATION No 12 . . . . . TELF. No 13.

**Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda**

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . . f 1,50

Walanda-Soenda 3 . . . . . f 0,75

**Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda** f 0,75

Pikeun Cursus sareng Sakola kening potongan 15%

**Peresenan paling alit f 1000. (sareboe roepia).**

Oepami djoeragan ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pangas f 2,50 bade dihatoeran djalan soepados djoeragan jasa nampi prijs roepi artos pang alitna f 1000.— (Sareboe roepia).

Wedalan Tjikiray noe sajadi keueh, moeng kantoen saeutik deui:

Waw. Naraka-Doenja . . . . . f 0,40.

Tjaris Pegat-Toendangan . . . . . f 1,10.

Waw. Anglingdharma I . . . . . f 1,75.

Waw. Kiamat-Leutik . . . . . f 0,30.

Waw. Ardjoenawidjaja . . . . . f 1,—

Hojong kagoengan garwa noe anom . . . . . f 0,50

**Hoermatna**

**Boekhandel & Uitgeverij „TIKIRAY”**

Groote postweg 84 SOEKABOEMI

**ADRES noe parantos KASCHOR**  
**DAHJAN**  
 Toekang Mas Roemah 18  
 TASIKMALAJA.

Ngital roepi-roepi perhlasan  
 Una mas sareng perak damelan pribas  
 dos, sareng nampi padamelan asperios  
 Ngadamel pending (band) piogel pen-  
 ti, soember, lilipen, padamelan ditanggal  
 sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngital roepi-roepi-  
 lodit sakoe, erlodji tangan, wekker,  
 dompel alpaka model anjar sareng se-  
 seur-sueur deui perhlasan mangga djoer-  
 agan-djoeragan enggal saremping soe-  
 pados kaencinga.

— : —  
 Tina Tenloestelling Taaskma-  
 la parantos kenging t

**EEREDIPLOMA MEDALI**  
**M.A.S.**

**Asmarandana.**

1. Menek tjara sirih tjai; samang-  
 sa kiroeh sirihna, kahitirna kiroeh  
 bae, oepama ti girang herang, kahi-  
 lirna ge herang, djeung deui moeng-  
 goeh noe agoeng, indoeng napa sana-  
 gara.

2. Koedoe welas koedoe asih,  
 oelah bosenan miwedjang, koedoe  
 kersa olok tomtok, narekahkeun  
 tjajah. Tjajah, roegina mangke  
 moelang, kaentoengan dajauh woe-  
 woeh, ana geus mampoh tjajahna.

3. Noe djadi menak oepami, djalm-  
 ma anoe ngingoe koeda, koedoe goten  
 djeung toelaten, seepaja liutoeh ke-  
 dana, djadi tetep bedasna, ana koeda  
 koerang njatoh, tangtue hengker tau-  
 gana.

4. Ngingoe koeda koerang hasil,  
 ana koerang toelaten, ditompakan  
 tereh mopo. toengtoengna leumpang  
 badarat, njakitoe deui menak, lamoen-  
 na koerang talikoer, hasil boemi djadi  
 koerang.

5. Di menak wadjibna adil, ari  
 harti adil eta, ngagandjar ka djalma  
 hade, njiksa ka djalma noe salah,  
 tapi sanajan salah, njiksa oelah  
 ngombar napsoe, koedoe satimbang  
 dosana.

6. Reudjeung ari sarat adil, koedoe  
 kersa raragaman, mirempog lampah  
 abdi teh, nimbang dosa djeung sik-  
 san, anoe koerang rempogua, njik-  
 sana sarta djeung napsoe, kaliwat  
 tina dosana.

7. Menak-menak koedoe sengit,  
 kana kalakoean salah, tjara tjeret  
 reudjeung maeu, maling atawa maeh-  
 an, eta opat prakara, tangtue poe-  
 poetjoeking roesoeh, alamat nagara  
 roekak.

8. Mapan enggeus aja boekti, radja  
 Giling Westi tea, salakoe lampahna  
 goreng, moengkoer tina kahadean, eta  
 kitoeh toengtoengna, dajauh koesoet  
 sarta roesoeh. poma kakang masing  
 jatna.

9. Patih anjar Gilingwesi, ngawalon  
 barina njembah, soemoehoeu pisan  
 kahartos, leres sadawoeh gamparan,  
 taja pisan loepoetna, ngau moegi aja  
 pangstoe, sim keuring werat ueroet-  
 an.

10. Keur paserdjan sim koering,  
 dilamel pisan toeladan, piwoeroek  
 gamparan kabeh, sedja diestokeun pi-  
 san, Praboe Anom ngandika, kakang  
 soekoer lamoen kitoeh, siug jasa njand-  
 det amarah.

11. Oelah kena djadi gesti, tingkah  
 sakawenang weuareng, ngadolos bae ka-  
 hojong, lamoen kagoengan kasoeakan,  
 oelah noe matak soesah, ngawoet-  
 keun ka oerang lemboer, ngaroe-  
 keun ka ponggawa.

12. Ngarisikeun para mantri, koe-  
 doe saroea meunangna, andjeun soeka  
 koering atoh, tatapi hese katjida, ka  
 lampah radja-radja, napsoena anoe  
 digoenggoeng, awarah noe diaugonan.

13. Kadjeun soesah anoe leutik,  
 sok moen andjeun soeka manah,  
 lamoen kitoeh petana teh, poepoetjoek  
 nagara roekak, eta moenggeh di  
 radja, moen hojong loeloes rahajoe,  
 lampah kitoeh disngkiran.

14. Djeung deui moenggoeh di  
 gesti, oelah koerang ngamadahan,  
 misahkeun hade djeung goreng, koe-  
 doe masing beak pisan, karana loem-  
 brah di djalma, lamoen dipiksa koe  
 ratoe, arang aja anoe waktija.

15. Piondjoekna sok dibalik, hi-  
 deung disoetkeun bodas, tegesna  
 sanajan goreng, piondjoekna sae  
 pisan, eta kitoeh koembrana, ngalap  
 soeka manah ratoe, hanteu ngiug-  
 keun temahna.

16. Tapi lamoen estoe soerti, ma-  
 nahna tegeh laksana, teu beunang  
 diolo olo, abdiina meureu prajati,  
 lamoen dipariksa, sawaktjana ka-  
 piondjoek, bodas dibatoerkeun bodas.

17. Hade goreng lampah audi,  
 bidjil ti watek radjana, moen radja  
 resep diolo, abdi bohong salawasna,  
 sa langoeh sapandjangua, toengtoeng  
 moenggoeh di ratoe, dibobodo sapan-  
 djangua.

18. Mator Patih Giling wesi, leres  
 pisan salahiran, adarna radja bareto,  
 jaktos kitoeh nanakeran, dipaloe sala-  
 mina, malah basa rek ngaroeoer,  
 ngoempokeun heula ponggawa.

19. Djoeroe bade djoeroe oendi,  
 kabeh pada dipariksa, pikersaoun  
 ngaluerog teh, sadaja sami batoeran,  
 pada nangtoeun meunang, geus  
 katorah dina toendoek, apes moesoeh  
 djaja oerang.

20. Djoeroe bade djoeroe soerti,  
 soemawon para ponggawa, pion-  
 djoekna kitoeh tae, pada ngaboeboe-  
 ngah manah, ngan poen lautjeuk sa-  
 rangau, anoe nemahan ka ratoe,  
 mondeh pikersaounana.

21. Reudjeung deui masing eling,  
 oepama aja ponggawa, karespna sok  
 mig-reng, mioendjoek salab kantjana,  
 dieung mihakade diritua, salah maneh-  
 na dikandoeung, dosa batoerna didadar.

Aia samboenganana.

**„Toetoeoet moending.“**

Saha noe pang resep-resepna kana  
 kalakoean moending? Asa moal lepat  
 deui tangtos moending. Koe sabab eta  
 oerang oelah sok toetoeoet moending,  
 bisi aja roe njeboetkeun moending.  
 Naon ari hartina toetoeoet moen-  
 ding teh?

Ari tjeuk emoetan sim koering mah  
 nja eta toetoeoeti teu djeung ngari,  
 naon maksoedna, naon puehadana.

Perkawis-perkawis naon noe dimak-  
 sad koe sim koering, kantenan sala-  
 jana oge tingali. Ananging sa teu  
 aja lepatna oepami sim koering nje-  
 butkeun hidji a. doea tjonto. Doepi  
 noe sok ngadjalankeun kitoeh teh,  
 di bangsa oerang mah masih seueur  
 pisan, sines oerang kampoeng anoe  
 soesoeh bae, ananging bangsa menak  
 oge masih aja kenel.

Tjonto kahidji:  
 „Rea noe marake sapitoe, taroem-  
 pah atawa selop. di tengah-tengah  
 perjalanana sok didjandjing. Ari  
 padjar teh bisi kotor, bisi teroh roek-  
 sak. Ke bae moen geus deukeut dipake  
 deui.“

Na naon kitoeh maksoedna toetoe-  
 roeti batoer sanpatoean teh?  
 Sanes keur ngadajaga badan, pang-  
 pangna soekoe, nja eta bisi katiisan  
 teuing, bisi titadjeung, bisi nintjak  
 beling, oraj di s. t.?”

Tjonto noe kedoea.  
 „Rea noe baroga lampit, samak,  
 alketip djeung korsi, tapi tjarang  
 diparake. Padjar teh bisi teroh roek-  
 sak, bisi teroh dobol, bisi leungit  
 palitoerna.“

Eta teh jaktos kitoeh? Atanapi aja  
 deui sabab sababna anoe sanes!

Na naon maksoedna toetoeoet  
 batoer ngajakeun korsi teh?  
 Sanes maksoedna teh soepados oelah  
 katiisan soepados djalanana getih sae,  
 teu kahalang-halang?

Parantos bae. Asa parantos tjekep  
 sakitoe oge.

Hoermat sim koering.  
 Danamihardja.

**Wartos ti Administratie.**

Hutoer noehon ka Djr. S. Prawi-  
 ramidjaja artos f25 parantos katampi,  
 leres anggocun kwartaal II, III, IV  
 '27

Djr. S. D. L. Pagadenbaroe kw.  
 I, II '27 parantos dibajar moeng kw.  
 III '26 teu atjan.

Seueur keneh bae para Djoeragan  
 langganan noe sok ngadreskeun serat  
 ka Redactie Sip. Eta lepat leresna  
 kedah ka Administratie Sip. soepados  
 eta serat euggal tiasa kaeroes. Noe  
 adresna Redactie mah, moeng kara-  
 ngan woeugkoel.

— — —  
 Dina adres aja angka nomer lang-  
 ganana Djoeragan. Oepami ngintoes  
 postwissel eta angka nomer kedah  
 diaerat, soepados eta postwissel tiasa  
 enggal kalebetkeun kana boekoe  
 langganan.

— — —  
 Djoeragan langganan di Kedoeng-  
 gede uampina Sipatahoenan henteu  
 angger, doeka saha noe misobat ka

eta Sip, da ti Adm. mah angger di-  
 kintoenna. Sadaja deui njanggakeun  
 ka noe wadjib soepados Sip. didong-  
 kapkeun ka noe diadresan enggal-  
 enggal.

Djoer. S. p. t. Tjitalahab. Jaktos  
 anggocun tahoen 1927 parantos majar.  
 Njoehoenteun ditawakoe, lepatna  
 Djoerotoelis Sip. kapoengkoer.

Ka sadaja langganan noe ngalih  
 tempat, moegi kersa masihan robahan  
 adres koe kartoeos piudah. Dina  
 eta serat kedah nganggo nomer lang-  
 ganana, bilih djenengan djoeragan teu  
 kapendak dina boekoe ageng.

**KABAR**

(Tina s. k. sanes).

Studierclub di Soerabaya pesta nga-  
 deg tiloe tahoen. Oetoesan Pagoejoe-  
 ban Pasoendan, Sarikat Madoera, Sa-  
 rikat Ambon, Timorsche verbond  
 pada njalmetkeun. Noe daratng  
 a.a ± 200.

— — —  
 Soerat kabar kaum modal noe rek  
 dikaloerkeun di Batawi henteu toe-  
 loes.

— — —  
 Di Mester djelema - djelema noe  
 pangaloena ngoroena kebon boe-  
 boeban mareunang prijs, aja noe  
 f 50, f 25, djeung f 15. Sakabehna  
 prijs aja f 1000,— f 700 ti Goepere-  
 men f 300 ti Provincia. Ti dinja  
 toeloeh sidekah. Noe ngabagikeun  
 prijs Kg. Dalem Mester.

— — —  
 Tanggal 12 Juli Kg. Soesoehoean  
 Sole soemping ka Tasikmalaja.

— — —  
 Kg. Dalem Tjiamis kenging anoe-  
 gerah Militaire Willemsorde klas 4.

— — —  
 Toean Van Lear Black noe hiber  
 ti Amsterdam ka Batawi meunang  
 pirang-pirang telegram njalamatkeun.

— — —  
 Di Tjirahon euweuh oerang Pi-  
 boemi noe daekeun djadi lid Gemeen-  
 teraad.

— — —  
 Liauw Beng Joeng datang ka hidji  
 aweue Liem Piet Nio di Karanganjar  
 (Bandoeng). Toeloeh pasea. Aweue  
 njokot peso.

— — —  
 Pesoe direboet koe lalaki sarta dite-  
 wekkeun ka aweue. Poelisi datang  
 ditewek. Badjoena Beng Joeng di-  
 tjekeul soewek. Isoekna Beng Joeng  
 katangkep koe poelisi. Liem Piet  
 Nio maot.

— — —  
 Neroetkeun soerat Direktoer Fi-  
 nancien doet beunang ngopoe-ngo-  
 eus pi teuing (prostitutie) teu koedoe  
 diasoepekeun nambahan majar padjog.

— — —  
 O' Higgins vice President Ierland  
 aja noe meahan koe djelema noe  
 toempak mobil O' Higgins maotna di  
 roemah sakit.

— — —  
 Di tapel wates Prantjis djeung  
 Italie geus tiloe kali kadjadian papa-  
 seaan antara oerang Prantjis djeung  
 Italie. Hidji waktos oerang Italie  
 noe marake kamedja hideung (kaom  
 Facist) soep ka tanah Prantjis. Koe  
 ambtenaar Prantjis ditangkep. Ieu  
 kadjadian matak mangriskyun.

— — —  
 Di Shantoeng (Tiengkok) sakabeh  
 toko asing taroetoe. Di dinja aja  
 peperaugan leutik.

— — —  
 Pagoejoeban baekt Wuchow (Ti-  
 onggok) geus ngiderkeun sirkoeleir jen  
 mimiti tanggal 15 Juli sakabeh ba-  
 rang Djepang djeung Inggris di  
 Kwangsi bakal dibaekt.

— — —  
 Minister Wu (Tiengkok) njarita ka  
 oetoesan oetoesan nagara loear, jen  
 Nationale Regeering katjida hajang  
 akoerna djeung nagara sedjen.

— — —  
 Katjida teu moepakatna oepama  
 nagara loear pilioeun kana kasajaan  
 di djeu badan Tiengkok. Teu moe-  
 pakat Djepang ngirim balad ka Shan-  
 toeng.

— — —  
 Roeslan ajenna njeun agen di  
 Australie pikeun meunian boeloe  
 domba (wol).

— — —  
 Di tweede Kamer (Lager Huis) Ingris  
 geus dipotesen jen lid Eerste Kamer  
 (Hooger huis) sawarah moal dipilih.  
 Kaom Labour (boeroeh) geus njeun  
 motie van wantrouwe (teu pertjaja).  
 Ieu motie ditolak.

— — —

**TOKO  
 NIC MULLER**  
 TASIKMALAJA.

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sajagi sagala roepi landong.  
 Landong sagala roepi kasawat.  
 Landong noe babar (sagala roepi  
 kaperloean).  
 Landong noe tas disepitan.  
 Kaperloean perban-perban.  
 Barang-barang kaperloean salira  
 (toiletartikelen).  
 Sagala roepi landong sajagi. Moen-  
 doet bae prijescourant engke dikintoeun  
 perdio.

Ajeuna parantos sajagi sagala roepi  
 sesepeun, kaloearan Eropa sareng boe-  
 atan Negresco. Noe moerab noe awis  
 saagi Noe awis sajagi pak alit.

Soerotoes sareng sigaret roepi-roepi.  
 Awas! Di Toko sajagi keneh tjelep  
 sindjang raksoekan sareng sagala roepi  
 barang. Boengkoes alit pangaos f 0,25  
 boengkoes ageung pangaos 40 cent.  
 Mangga soemping ka toko, ningalian  
 sareng milih naon noe perloe.

Hoermatna  
**NIC MULLER.**

N. B. Si Chistiana parantos diitjal.  
 Noe bade diitjal hidji roda paranti  
 ngider ka pasar-pasar sae keur noe  
 dagang batikan, margi kontjina pa-  
 guuh. Dilebet nganggo rak auggocun  
 tempat barang.

**KLIRIE SEKALI.**

Kaloe Toean-toean tida rata-  
 rata toeroet goembira boeat men-  
 gadaken pesta besar, pada nanti  
 hari Saptoe ddo 30 April 1927,  
 waktos peringetan hari lahir dan  
 tjoekeop nesia 18 tahon, poetri  
 Juliana di Nederland.

Boeat menjatakan kagoembi-  
 raanja orang-orang yang soeda  
 dewasa dan anak-anak, tida ada  
 lain djalan yang sampoerua, kita  
 sengadja soeda kasi datang roepa-  
 roepa kembang api (vuurwerk)  
 dari Fabriek Lanw Kang Boen  
 di Batavia, yang soeda bebrapa  
 kali dapat medali mas di pasar  
 gambir, dan roepa-roepa petasan  
 yang bagoes srenta njaring swa-  
 ranja.

Boeat toeroet menjatakan  
 goembira, boekan sadja kaoem  
 soedapar, yang paling tercetama  
 Toean-toean Meester sekola yang  
 dapat subsidie dari Gouverne-  
 ment dan Toean-toean Priaji  
 yang masi pegang dienst.

Dari sebab banjak yang bakal  
 toeroet menjatakan girang ada-  
 ken pesta, kita harep Toean-  
 soeka lekas datang di kita poenja  
 toko, soepaja diblakang hari dja-  
 ngan sampe menjesel.

Memoedjiken dengan hormat  
**YO TEK SENG.**

**Toko KHOUW SIAUW SENG  
 (Toko BENG).**  
 Sajagi kareta Mesin Merk  
**SIMPLEX** sareng Merk Eu-  
 ropa (England).  
 Sajagi Auto Banden Michelin,  
 Goodyear, Dunlop, Goodrich  
 harga mirah, sareng prabot  
 AUTO roepi-roepi mirah.

Tasikmalaja-Cheribon boelak balik  
 Mios ti Tasikmalaja  
 (paloeneua toko Leeng).  
 1 djam 1/2 endjing 2 djam 11 endjing  
 Mios ti Cheribon  
 1 djam 1/2 endjing 2 djam 1/2, 12 beurang  
 Dongkap ka Cheribon  
 djam 10 siang 2 djam 4 senten  
 Datang ka Tasik  
 djam 10 siang 2 djam 4 senten.

Tasikmalaja-Caroot boelak balik.  
 Mios ti Tasikmalaja  
 djam 7 endjing djam 1 siang (S. H.  
 autobus)  
 Mios ti Caroot  
 djam 1/2 endjing (S. H. autobus) djam  
 1/2 siang.

Tasikmalaja-Karangoenggal boelak  
 balik  
 Mios ti Tasikmalaja  
 djam 1/2 endjing djam 1/2, 10 siang djam  
 1 siang.  
 Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (leomoeur)  
 roepi-roepi Kleurna, saperti beureum  
 ngora, hedjo ngora, boelao ngora, ko-  
 neng ngora roa keneh roepa roepana  
 kleur, sareng kembang bodas nganggo  
 strip mas aja anoe nganggo letar  
 A. L. M. Z. Monogram.

Stoflesih noe nganggo djing-djingan  
 Winkellesch (keler tempat koewel)  
 roepi-roepi, anoe saliter sareng noe  
 saliter satengah.

Roa keneh warang noe marodel sa-  
 djaba ti eta,  
 Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe  
 parantos mashaer kasanaana, sareng  
 kakatanana, merk Winsater, Evridi  
 sareng tjap bintang, saagi batrena,  
 buglomma roepi-roepi oekoeran.

Sareng parantos sajagi, Windbuka  
 (bedil angin) Merk B.S.A., Calber 1/2,  
 m M sarang 1/2, m M. saagi sareng  
 kogelna.

Sadjab ti eta, roa roepi-roepi ba-  
 rang anoe marodel, Erlodji Sima anoe  
 nganggo tjap kareta api, noe bisa  
 sok diarango koe Personeelna S. S.  
 djalanana akoe pisan.

Sareng roepi-roepi eetservies noe  
 sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12  
 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi.  
 \* Lontjang, Westminster sareng Filter  
 roepi-roepi oekoeran.

**Preanger Chemicalien.  
 Handel**  
 Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa  
 obat patent dan lain lainnja,  
 Minneman, Serotoe, Sigaret,  
 Katjamata, Cutex, Borcilla, dan  
 pekakas potret.

**BOEKENVERZENDHUIS L. A. LEZER BANDOENG**

**NEMBE WEDAL:**  
 CURSUS IN DE NEDERLANDSCHE TAAL voor de Soea-  
 daneezen (Cursus basa Walanda pikeun oerang Soenda)

Karangan  
 L. A. LEZER  
 djilid ka I

Nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda noe pampil pi-  
 san, sae pikeun diadjar sorangan sareng anggocun cursu, atanapi  
 sakola.

Pangaos f.075, franco di pos, antekon f 1.10. Rembours tam-  
 bih deui f 0.25.

Cursus sareng sakola kenging korting 15% oepami ngaga-  
 leuh 15 boekoe atanapi langkoeng ti sakitoe.

TOEROEN PANGAOS.

Boekoe-boekoe pangadjaran WALANDA-SOENDA, anoe 3  
 djilid tea, nja eta *Leerboek, Voorbeeldenboek* sareng *Woordenboek*,  
 ajeuna pangaosna disamikeun sareng noe kasebat di boekoe uja  
 eta f 0.75 awidjind atanapi f 2.25. tiseo djilid, djabi ti ongkoe.  
 Doepi ongkosna eta 3 djilid franco di pos f 0.40. Rembours  
 tambih deui f 0.25.